



# Ico ukwiriye gukora iyo wegeranye n'uwanduye

Impinyanyuro 1.7 | Kuwa 14 Gitugutu 2022



**Abegeranye n'Umuntu** ni abantu babana n'umuntu yanduye COVID-19 canke bamaranye na we amasaha arenga ane (mu wanya w'amasaha 24) mu kibanza abantu babamwo mu gihe uwo muntu yanduye. Abegeranye n'umuntu baba bari mu mpanuka y'ukwandura COVID-19 maze bakandukiza abandi umgera.

Igisata c'Amagara y'Abantu gihimiriza abegeranye n'umuntu gukora ivyoroshe bisabwa ngo bagabanure impanuka yo kwanduza abandi, canecane bā máhwērā.



**Uwegeranye n'umuntu** ashobora kuba:

- Uwo wese yamaze ijoro mu kibanza kimwe n'uwugwaye mu gihe ciwe co kwanduza nyezina, canke
- Uwo wese yamaranye amasaha arenga ane (mu kiringo c'amasaha 24) mu kibanza kibamwo abantu benshi harimwo umuntu yamaze kwandura



**Asangwa ufise ibimenyetso**, guma i muhira kandi wipimisha vuba cane. Guma i muhira mu gihe ufise ibimenyetso, naho wokwipimisha ugasanga utagwaye.

Ambara agapfukamunwa asangwa uvuye i muhira mu misi 7 ikurikira kugira ngo ugabanye gukwiragiza COVID-19.

Ntugendere ba mahwera (abarengaje imyaka 70 y'amavuka), uwuri mu bitaro, canke ibigo vy'abashaje canke vy'abagendana ubumuga ni waba ufise ibimenyetso canke uri mu gihe c'ukwandura. Asangwa utembereye, ipimisha mu buryo bwa RAT utaragenda.



**Asangwa ukórerera ahari bā máhwērā**, nk'Ibitaro, ibigo vy'abagendana ubumuga, kurikiza intumbero y'umukoresha wawe ku vyerekeye ivyó ukwiye gukora .

Ambara agapfukamunwa mu gihe cose uri kumwe na benshi canke wiyunguruzanya n'abandi.

Menya Intumbero z'ikibanza ukoreramwo akazi ku vyerekeye abo mwegeranye-bashobora kukubwira uko wokwifata ugiye ku kazi.

Irinde ibibanza bihuriramwo abantu benshi n'imanza, aho gutandukanira kudashoboka.



**Upimwe bikaboneka ko ugwaye COVID-19**, Igisata c'Amagara y'Abantu gisaba ko:

- Woguma i muhira ufise ibimenyetso
- Wambara agapfukamunwa igihe cose uvuye i muhira
- Wirinda kuba mu mahuriro ya benshi
- Ntugendere abantu bageramiwe n'ingwara nyinshi mu buzima, kandi
- Umenyesha abarongözi b'aho ukorera

Asangwa warakoresheje RAT, andikisha ko wasanzwe ugwaye hakoreshejwe RAT ku murongo: [coronavirus.tas.gov.au/positive-result](https://coronavirus.tas.gov.au/positive-result) canke uhamagare ku murongo w'ikigo citaho Amagara y'Abantu.